

Pwojè Siveyans Medikal (PSM) Deklarasyon Konsantman Enfòme



Poukisa nou ap fè pwojè a

Depatman sante Florid la ak Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon (CDC) ap fè pwojè sa pou aprann plis sou moun ki ap viv ak maladi VIH, san blye sèvis yo ap itilize epi bezwen yo. Enfòmasyon sa yo ap ede amelyore pwogram kap pwoteje sante moun epi pèmet yo jwenn èd yo bezwen an.

Nou te chwazi w pou pwojè sa paske ou gen VIH. Patisipasyon w nan pwojè a depan de ou. Ou kapab chwazi patisipe oswa pa patisipe. Ou pa oblige nan pwojè a si ou pa vle ladan I. Si w deside patisipe, ou kapab kite pwojè a nenpòt lè. Ou pap peye penalite ni pèdi avantaj si w chwazi pa patisipe oswa kite pwojè a bonè. [Pou moun ki nan prizon pou kounye a: Patisipe nan pwojè a pap afekte liberasyon sou kondisyon ou an.]



Kisa nou ap bezwen nan men ou

Si w chwazi patisipe nan pwojè a, nou pral

- poze w kesyon
- gade dosye medikal ou

Kesyon yo

Li ap pran apeprè 60 minit pou reponn kesyon yo. Nenpòt kesyon ke ou pa vle reponn, ou pa oblige reponn.

Kesyon yo se sou

- istwa medikal ou
- itilizasyon sèvis medikal ak sosyal
- Kijan ou fè bagay
- itilizasyon dwòg ak alkòl
- istwa fè pitit ou (si w se yon fi)
- kapasite w pou travay ak pran swen tèt ou

Si nou bezwen plis enfòmasyon, yon manm pèsonèl la ka kontakte ou aprè.

Nou voye repons yo bay CDC, men nou pa voye non w oubyen okenn enfòmasyon ki ka idantifye w oubyen fè yo jwenn ki moun ou ye ba yo. Olyesa, nou ap mete yon nimewo kòd sou repons ou yo. Repons ou yo sekrè. Tout materyèl pwojè a rete nan yon kabinèt anba kle oswa nan yon ödinatè sekirize.

Gen sipèviziè ki pral chita gade kek entèvyou pou yo ka evalye amplwaye Pwojè Siveyans Medikal yo nan travay yap fè a.

Dosye medikal ou yo

Nou ap pral gade tou dosye medikal ou yo pou rasanble enfòmasyon sou VIH ou a. Lap gen ladann enfòmasyon sou medikaman w ap pran, vizit kay doktè ak rezulta egzamen laboratwa. N ap di l ankò nou pa voye non w oubyen okenn enfòmasyon ki ka idantifye w oubyen fè yo jwenn ki moun ou ye ba CDC. Yon nimewo kòd ap relye enfòmasyon ki soti nan dosye medikal ou yo ansanm ak repons ou yo.



Kisa ou kapab espere nan men nou

Kenbe enfòmasyon w prive

Nou pwoteje vi prive w. Tout enfòmasyon ou bannou ap rete prive epi konfidansyèl.

Tout dosye ap rete konfidansyèl nan mezi lalwa otorize. Nou pral mete repons ou yo ansanm ak repons lòt moun ki patisipe nan pwojè sa a yon fason pou okenn moun pa konnen repons

ou yo. Nou ap voye enfòmasyon pwojè a bay CDC, men nou pap voye okenn enfòmasyon ki ta kapab idantifye w. Lwa federal la pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki nan CDC.

Youn ti jès apresyasyon

Ou ap resevwa 50 dola kòm Youn ti jès apresyasyon pou patisipasyon w nan pwojè a si ou reponn kesyon yo epi dakò pou kite nou gade dosye medikal ou yo. Apresa si w ta chwazi pou kite pwojè a, ou gen dwa kenbe lajan an.



Bagay pou konsidere

- Ou pap peye anyen (apa tan w ak efò w) pou patisipe nan pwojè a.
- Si w vle, nou kapab bawou enfòmasyon sou kijan pou pa kontamine yon lòt moun ak VIH.
- Si w vle, nou ka bawou enfòmasyon sou ki kote pou jwenn sèvis medikal ak sosyal.
- Pa gen okenn avantaj dirèk lè w nan pwojè a. Sepandan, enfòmasyon ou bannou yo ka ede nou amelyore sèvis ki genyen yo pou lòt moun kap viv ak VIH.
- Kèk nan kesyon yo ka fè w santi w pa konfòtab oswa kapab twò pèsonèl. Sonje: Ou pa oblige reponn okenn kesyon w pa vle reponn.

Kesyon?

Sou pwojè a oswa sou ti jès apresyasyon an, tanpri

- mande moun lan ki poze w kesyon entèvyou yo
- rele anketè prensipal zòn lan Daniel Grischy nan nimewo 850-245-4357
- rele kòdonatè local pwojè a Gasline Laguerre nan nimewo 850-245-4728

Sou dwa ou ak kijan pwojè a fonksyone nan tout peyi a, tanpri kontakte

- Komite etik (IRB) Depatman Sante Eta Florid la nan nimewo 1-866-433-2775 (gratis nan Florid) oubyen 1-850-245-4585.
- CDC nan nimewo 1-404-639-6475. Tanpri kite yon mesaj tou kout pou fè nou konnen kijan nou ka kontakte w. Di ke w ap rele pou Pwojè Siveyans Medikal la. Yon moun ap tounen w apèl la pi vit posib.

Deklarasyon Konsantman Patisipan

Mwen dakò pou m patisipe nan pwojè ki dekri nan deklarasyon sa. Mwen li deklarasyon an epi mwen konprann deklarasyon an. Moun kap fè entèvyou an reponn tout kesyon mwen yo. Mwen rekonèt ke m ap patisipe nan pwojè sa sèlman si mwen vle.

Entèvyou nan telefòn sèlman: Yo te li fòm konsantman Pwojè Siveyans Medikal la bay patisipan. Patisipan an bay konsantman vèbal pou l patisipe nan entèvyou Pwojè Siveyans Medikal la epi pou yo rale dosye medical li.

Non patisipan (Ekri)

Nimewo idantite patisipan (4 dènye chif)

Siyati Patisipan

Dat

Siyati moun ki fè entèvyou a

Dat

Nimewo kat kado a

Siyati patisipan ke l resevwa kat
kado a Oubyen nimewo suivi

Dat